Lekòl Piblik Nyack Yo
Enskripsyon Pre-K (Matènèl) 2026-2027

13A Dickinson Avenue
Nyack, NY 10960
(845) 353-7000 Fax - (845) 353-7019
Email - smena@nyackschools.org

Chè Paran/Responsab yo,

Lekòl matènèl inivèsèl (UPK) se pwogram espesyal pou timoun piti ke Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la (NYSED) te etabli epi distri eskolè yo te fè kontra pou bay timoun fanmi ki kalifye yo yon eksperyans aprantisaj pi bonè. Fanmi ki kalifye yo defini kòm moun ki abite nan yon distri lekòl ki gen kontra epi ki gen timoun ki pral gen kat (4) ane anvan premye desanm 2026 (pitit ou a dwe fèt ant premye desanm 2021 ak premye desanm 2022). Lekòl matènèl inivèsèl ap fe nou konnen kounya li asepte enskripsyon pou ane eskolè 2026-2027 chak jou (annatandan apwobasyon finansman nan bidjè Eta Nouyòk la) Sa se yon pwogram timoun piti ki kalifye ak yon asistan pou chak klas. Timoun Lekòl matènèl inivèsèl yo (UPK) asiste senk (5) mwatye jou pou 2½ èdtan chak jou; timoun ki nan tout jounen matènèl Eta asiste pou senk (5) jou pa semèn pou 5 èdtan chak jou pandan 180 jou pou chak ane lekòl, San li pa koute w kòb.

DEKLARASYON METÒD POU SELEKSYON TIMOUN YO: Distri Lekòl Piblik Nyack la pral revize kopi enskripsyon orijinal ranpli a epi verifye si yo kalifye. Si yo fè plis demand pase NYSED te finanse, y ap itilize yon tiraj pou chwazi timoun ki pou patisipe nan pwogram matènèl UPK tout jounen ak tout Eta. Y ap konsidere timoun yo pou tiraj osò a si enskripsyon an konplè a, prèv laj asepte, ak yon prèv rezidans yo depoze nan biwo a. Yo pral plase timoun yo selon chwa paran yo, si sa posib. Si yo chwazi w pou pwogram nan, yo pral mande lòt dokiman nan lespas 60 jou aprè pwogram nan kòmanse. Y ap fè paran/responsab yo konnen pa imèl sitiyasyon plasman pitit yo a yon fwa plas yo fin ranpli. Yo pral voye notifikasyon nan fen me 2026 a. Pou plis enfòmasyon oswa asistans, tanpri kontakte Madam Susana Mena nan (845) 353-7000.
Lè w ap retounen aplikasyon an, tanpri mete sa ki annaprè yo:

1. Prèv laj kalifikasyon:
   A. Yon relve nòt yon batistè byen sètifye ki depoze daprè lalwa, oswa yon relve nòt yon dosye batèm byen sètifye, ki bay dat nesans la; oswa, si li pa disponib
   B. Yon paspò ki montre dat nesans minè a; oswa, si li pa disponib
   C. Lòt prèv ki dokimante oswa lòt prèv anrejistre ki gen dat dezan oswa plis epi ki satisfezan pou ofisye sètifye a, eksepte yon sètifika laj.

   Prèv rezidans- - De (2) dokiman ki pwouve rezidans. **Egzanp**: deklarasyon labank aktyèl, bòdwo taks, bòdwo sèvis piblik, oswa bòdwo kat kredi

   DOKIMAN KI PA AKSEPTE YO kòm prèv rezidans ki ekri alamen yo, kouvèti magazin, avi revokasyon pou bòdwo sèvis piblik yo ak deklarasyon taks sou revni.

Tanpri retounen aplikasyon ki ranpli a pou pita pase 17 avril 2026 nan:

Enskripsyon Santral Lekòl Piblik Nyack yo
13A Dickinson Avenue, Nyack, NY 10960
Email - smena@nyackschools.org

Si yo resevwa yon aplikasyon epi/oswa yo mete yon so lapòs aprè 17 avril 2026, yo pral mete aplikasyon an sou yon lis datant si pa gen okenn plas ki disponib.

Lekòl Piblik Nyack Yo

Enskripsyon Pre-K (Matènèl) 2026-2027

Premye non timoun nan: _____Siyati Timoun nan: _____

Dat ou fèt: _____ Sèks: _____

Èske pitit ou a resevwa nenpòt kalite Sèvis Edikasyon Espesyal (sètadi, terapi fizik, terapi okipasyonèl, terapi lapawòl)? Si Wi Kote_____

Èske pitit ou a panyòl, latino oswa orijin panyòl? □ Wi □ non

Lang moun pale nan Kay la (si lòt pase angle): _____

RAS

□Nwa □ Ameriken Endyen/ Alaskan natif natal □Blan □ Azyatik □ Natif natal Awayi/Zile Pasifik

Èske timoun nan te fè yon evalyasyon edikasyon: □Wi □ Non

PARAN/RESPONSAB AK ENFÒMASYON KONTAK YO

Premye Non: _____ Siyati: _____

Telefòn lakay: _____Telefòn Selilè: _____

Adrès imèl: _____ Relasyon: _____

Tanpri endike pi bon fòm kominikasyon an □ Lapòs □ Imèl □ Telefòn Selilè □ Telefòn lakay

Premye Non: _____ Siyati _____

Telefòn lakay: _____Telefòn Selilè: _____

Adrès imèl: _____ Relasyon _____

Tanpri endike pi bon fòm kominikasyon an □ Lapòs □ Imèl □ Telefòn Selilè □ Telefòn lakay

Ki kote elèv la ap viv kounye a? (Tanpri tcheke yon bwat) □ □ Lojman pèmanan avèk yon lòt fanmi □ lòt (Tanpri dekri)

ADRÈS LAKAY

Ri _____Nimewo apatman: _____

Vil_____ Eta: _____ Kòd postal _____

FRÈ AK SÈ (FRÈ / SÈ)

Non: _____Dat ou fèt _____ Non: _____ Dat ou fèt_____ Sèks: _____

Non: _____ Dat ou fèt _____ Non: _____ Dat ou fèt _____ Sèks: _____

Mwen te ranpli aplikasyon an epi soumèt dokiman yo mande yo. Mwen konprann ke aplikasyon mwen an p ap konsidere pou seleksyon an sof si tout dokiman sa yo te soumèt epi yo konplè:

□ Prèv Laj ki kalifye □ Prèv rezidans

Tanpri endike chwa lekòl ou yo:

1st Chwa_____ 2nd Chwa_____ 3rd Chwa_____

* Tanpri ekri non sit matènèl ou ta renmen pitit ou vizite a nan lòd preferans*

Siyati Paran/Responsab _____ Dat _____